# PARITÉ ET BICAMÉRALISME EN AFRIQUE PRÉCOLONIALE

Dr Fatou Kiné CAMARA
Maîtresse de Conférences titulaire
Faculté des Sciences

FORUM SUR LA PARITE

Hôtel King FAHD

AJS et FKA

27 octobre 2021

# DEFINITION
# LEERAL BAAT

- Démocratie occidentale

= Système parlementaire fondé sur la distinction entre opposition et majorité.

= Kujjé gi / boroom doole ji

= Xiirôo, ŋaayoo, xulôo, jaay doole.

- Démocratie africaine

= Système parlementaire fondé sur la reconnaissance et la représentation de la dualité des sexes, des catégories d'âge et des différents corps de métier.

(Cf. Charte de Kurukan Fuga, C. A. DIOP, *L'Afrique noire précoloniale*, Prés. Afr.)

= péencôo, diisôo, waxtaan ba jubôo.

- La parité

= Marcher avec ses deux pieds

= Ndey joor ak càmmiñ

= Benn loxo du tàccu

= Jigéen fu ñu xiinul du taw – Ismaël LO, « Jigéen »

- INTRODUCTION

I. LE FONDEMENT ÉCONOMIQUE DE LA PARITÉ

II. LE SYSTÈME PARLEMENTAIRE PARITAIRE AFRICAIN

- UBBITÉ

I. DOXE ÑAARI TÀNKK, CÉESLAAYAM CI KOOM

II. DOXALINU PÉENCÔO CI COSAANU AFRIG

# INTRODUCTION

## UBBITÉ

# INTRODUCTION / UBBITÉ

## Cheikh Anta DIOP

*L'unité culturelle de l'Afrique noire, domaine du patriarcat et du matriarcat dans l'Antiquité classique,* Présence africaine, Paris, première édition 1959, Avant-propos, 1ère phrase.

**Seex Anta JOOP *Bennoog baaxi maamu Afrig– Dëkk yi cërël baay ak dëkk yi cërël ndey ci cosaan***

- INTRODUCTION
- « Les intellectuels doivent étudier le passé non pour s'y complaire, mais pour y puiser des leçons … »

- Ubbité
- Xalaatkat yi dañu wara gëstu cosaan,
- du ngir bànneexu,
- waaye ngir jélé ci ay njàngat.

# INTRODUCTION / UBBITÉ

## DIODORE de Sicile, *Livre 1*, II, historien né vers 90 av. J.-C

## JODOR bindkat bu juddu Itali lu ëpp ñaar juni àt ci gànnaaw

- « **En perpétuant la mémoire du bien**, l'histoire a conduit les uns à fonder des villes, les autres à consolider la société par des lois, d'autres enfin à devenir, par l'invention des sciences et des arts, les bienfaiteurs du genre humain. »

- Di wéyal di fateli lu baax, moo indi ci cosaan
- ñen ñi sàncc ay dëkk,
- Ñeneen ñi gënë dëgërël seeni réew ak ay sart,
- Ñeneen ati nekk ak nit ñepp, ay baay aki ndey defal Yàlla, ndax li ñu sos xam-xam ak xarala ci defar ba mu rafet.

# INTRODUCTION / UBBITÉ

*L'unité culturelle de l'Afrique noire*, op. cit. avant-propos

**Seex Anta JOOP *Bennoog baaxi maamu Afrig …***

- « Il n'est pas indifférent pour un peuple de se livrer à une telle investigation, à une pareille reconnaissance de soi ; car, ce faisant, (…) Il découvre l'ampleur réelle de ses emprunts, il peut maintenant se définir de façon positive à partir de critères indigènes non imaginés, mais réels. Il a une nouvelle conscience de ses valeurs »

- Sôobu ci xeeti gëstu googu,
- ci jéem a xam sa bopp,
- lu am solo la ci askan.
- Ndax noonu ley gisé dëgg-dëgg yatuwaayu li mu jéegani ;
- Su ko defee di na mënë seetaat mooy kan, ci anam yu sell/rafet, anam yu lalu ci tektal yu wér.
- Noonu mu yeesal ay pas-pasam.

Amina MAMA, *Feminist Africa – Women Mobilised*, issue 4, 2005, Editorial, http://www.feministafrica.org/index.php/regional-networking (consulté le 16 décembre 2011) – (traduction g

- « Ils [les combats menés par les femmes africaines] suggèrent que les femmes sur le continent africain ne tirent pas leurs impulsions pour la liberté de ces femmes occidentales, excentriques et bien intentionnées, qui ont voyagé au sud afin de nous éduquer et de nous relever. En effet, il pourrait être utile d'envisager la possibilité inverse : que les diverses actions des femmes africaines pourraient bien avoir servi à inspirer les femmes européennes et nord-américaines et, ainsi, contribué à la genèse du féminisme moderne. »

- (Ci jamono ji nu tubaab yee tàmbali noot), Ñaxtu jigéen ñi ci Afrig, man nanu ci junjj ne :
- jigéen ñi nekk Afrig ba ñuy ñaxtu ngir dog buumu nooteel, masu ñoo def tubaab royukay.
- Li mu gënë niru key, mooy ne jigéenu tubaab yii fi ñëwoon, ngir jàngal ñu silwise
- Ñoom ci seen bopp ñoo mujj toppàndoo doxalinu jigéeni Afrig yi.
- toppàndoo googu bokk na ci li sos li ñuy woowe « feminism » maanaam cërël jigéen.

# INTRODUCTION / UBBITÉ
Fatou Kiné CAMARA

- Héritiers d'un système d'oppression et de victimisation du sexe féminin qu'ils n'ont pas créé mais qu'ils pensent, à tort, leur être profitable, les hommes africains se l'approprient en masse.

- Doxalinu beddi ak noot jigéen, sosuwul ci suñu baaxi maam,
- ñi fi ñow jaay ñu doole, noot ñu, ñoo ko fi indi.
- Li ci gënë bari ci suñu càmmiñ yii yëngu ci wàllu politik, ñoo wéyal doxalin goolu ndax foogne di na leen jariñ.
- Waaye, lu jariñul sa réew, yàgg-yàgg du la jariñ.

# INTRODUCTION / UBBITÉ

Ifi AMADIUME, *Reinventing Africa, Matriarchy, Religion, Culture*, Zed Books Ltd, London & New York, 1997, second impression 2001, p.177, (traduction google) ;

*Réinventer l'Afrique : Matriarcat, Religion, Culture*

*Yeesalaat Afrig : Cërël Ndey, Diiné, Baaxi Maam*

- « Cependant, ce ne sont pas les colons qui ont porté le coup de grâce à l'autonomie et au pouvoir des femmes africaines traditionnelles mais, les élites qui ont hérité de la machinerie coloniale d'oppression et d'exploitation, qu'ils ont retournée contre leur propre peuple. »

- Dëgg dëgg, du tubaab yee foqati li jigéen ñi desewoon ci àq ak yellef yu soso ci cosaan,
- ñi ñu bàyyil nguur gi, ñoom ñoo def ndono, jumtukaayu nooteel yépp yi fi tubaab yi indi,
- Jariñoo ko nak ngir noot seeni askan (rawatina jigéen ñi).

# LE FONDEMENT ÉCONOMIQUE DE LA PARITÉ

# DOXE ÑAARI TÀNKK, CÉESLAAYAM CI KOOM

# LE FONDEMENT ÉCONOMIQUE DE LA PARITÉ
# DOXE ÑAARI TÀNKK, CÉESLAAYAM CI KOOM
# Ifi AMADIUME *Op. cit.*, p. 96

- "Pour nous Africains et Africaines, la traite des esclaves est notre plus grande tragédie, parce qu'elle a miné le commerce intérieur très puissant de biens concrets sur lesquels le continent aurait pu s'appuyer pour prendre son essor sur le plan économique.

- Ci nun, gôor ak jigéen ñi askanoo ci Afrig,
- jamono jàpp nit jaay, musiba gënu ko réy,
- Ndaxte, moo suuxal koom-koom bu mag a mag bi amoon su ñu diggante biir Afrig.
- Doole koom-koom jooju, laluwoon ci alal gu wér, moo waroon yobbu réewi Afrig gépp ci naat.

# LE FONDEMENT ÉCONOMIQUE DE LA PARITÉ
## DOXE ÑAARI TÀNKK, CÉESLAAYAM CI KOOM
Ifi AMADIUME *Op. cit.*, p. 96

- "Le commerce intérieur est une économie autonome à base de produits agricoles et artisanaux, tels que le sel, le grain, le tissu, le fil de coton, les textiles, le beurre de karité, le poisson séché, la noix de kola, le tabac, le fer et l'or, des épices, des parfums et des encens, des colorants, des herbes médicinales, des racines et des plantes fraîchement coupées de certains arbres, les connaissances médicinales et mystiques, des secrets, etc. "

- Koom bi doon daw biir Afrig, soxloluloon  dara bitim réew,
- ndax da fa laluwoon ci meñeef ak lépp lu tëgg, uudé, yetkat, ràbb ak ñeneen defar, mbaa mbay ci biir Afrig.
- Lu mel ni xorom, dugub, sëru rabal, yeneen xeeti sër, wéñ, kaarité, gejj, gurô, pôon, weñ, urus, saf-safal, cuuraay, cuub, xoob aki xas yuy fej, yenn xam-xam yi ci wàllum pej ak càngat, ak yeneen, ak yeneen.

# LE FONDEMENT ÉCONOMIQUE DE LA PARITÉ
# DOXE ÑAARI TÀNKK, CÉESLAAYAM CI KOOM
## Ifi AMADIUME *Op. cit.*, p. 96

- "Les Européens n’avaient rien à voir avec ce vaste réseau de distribution et de commerce. (…) Ils n’ont donc rien échangé qui ait été bénéfique aux peuples africains; au contraire, au moment où les Européens ont achevé leur mission, ils s’étaient attribué les terres de la population, inondé les lieux avec des biens de consommation européens, avaient miné l'économie agricole et colonisé les Africains. "

- Tubaab yi, seen yoon newuloon ci lëkkëlôo jéegi dayo gi sësoon ci koom gi.
- Amul benn jokkalante ak tubaab yi yu jariñ waa Afrig.
- Li am key mooy,
- ba Tubaab yi paree ci la leen yitéeloon,
- da ñu féetéwôo li ëpp ci suufu askan wi,
- feesal réew yi ak seeni njaayi jogé tugal,
- yàq koom-koomu waa Afrig,
- ba pare nôot leen.

# LE FONDEMENT ÉCONOMIQUE DE LA PARITÉ
# DOXE ÑAARI TÀNKK, CÉESLAAYAM CI KOOM
# Ifi AMADIUME, *op. cit.*, p.102

- Les femmes africaines : « Leur rôle économique ne se limite pas à la maison et aux plus larges unités de production familiale. Elles géraient et contrôlaient un très vaste réseau de marchés où elles vendaient et achetaient. »

- Jigéeni Afrig :
- Seen jëf ci koom gi, yemul ci kër gi ak li ci sësu, lu mu yaa yaa.
- Jigéen yee doon saytu ak topatoo ay jaba/marse yu lëkëlôo yu bare bari,
- Fa la ñu doon jaay aka jëndd.

LA COURBE "Premier voyage du sieur La Courbe fait à la Coste d'Afrique en 1685" publié par les soins
Pierre Cultru Paris Champion et Larose 1913 extrait p. 28. Cité par Bernard MOLEUR, *Le droit de prop*
*sur le sol sénégalais analyse historique du XVIIème siècle à l'indépendance,* Thèse Faculté des Science
Juridiques et Politiques, Université de DIJON, 1978, p. 26
http://www.sist.sn/gsdl/collect/butravau/index/assoc/HASH011b.dir/THD-78.pdf (consulté le 26 mars 2017)

- Ce sont des "femmes de Bieurt et des autres villages circonsvoisins qui (apportent) des cuirs, du mil et des pagnes ou estoffes de cotton car ce sont elles qui font presque tout le commerce du Sénégal; elles ont plusieurs captives qu'elles envoyent bien loing dans les terres pour acheter des cuirs qu'elles apportent de plus de 15 lieues sur leurs testes ou sur des asnes ; elles les achètent à vil prix et en ayant amassé un nombre considérable, elles les apportent à l'habitation dans des canots semblables à ceux dont j'ai parlé. (...).

- Jigéenu Birt (?) ak dëkk yi ko wër ñooy indi der, dugub, sëru rabal ak bépp xeetu lu ñu ràbb
- ndax, daanaka ñoo yore koomu Senegaal gépp ;
- Am na ñu ay surgë yu jigéen yu bari, yu ñuy yoni fu sori ci biir dëkk yi, ngir ñu jëndd der yu ñuy yenu walla sëf ay mbaam ;
- Da ñu leen di jëndd ci njëg bu néew, ba dajale ci yu bare bari,
- bu ko defe, ñu indi leen ci su ñu dëkuwaay ci ay gaal.

# LE FONDEMENT ÉCONOMIQUE DE LA PARITÉ
## DOXE ÑAARI TÀNKK, CÉESLAAYAM CI KOOM

Hérodote, Livre 2, XXXV (35) http://www.mediterranees.net/geographie/herodote/euterpe.html (Consulté le 29 avril 2016)

Hérodote est un historien grec né au 5ème siècle avant J.C. Nommé « Le père de l'histoire ».

- « Chez eux (Égypte ancienne), les femmes vont sur la place, et s'occupent du commerce, tandis que les hommes, renfermés dans leurs maisons, travaillent à de la toile. »

- Foofu (Misira),
- jigéen ñi da nuy dém ci péncc,
- ak itam di yëngu ci koom.
- Fekk gôor ñi ñomm téju ci seeni kër, di ràbb.

# LE FONDEMENT ÉCONOMIQUE DE LA PARITÉ

## DOXE ÑAARI TÀNKK, CÉESLAAYAM CI KOOM

Thelma AWORI “The myth of the inferiority of the African women”, *La civilisation de la femme dans la tradition africaine*, Présence africaine, Paris, 1975, p. 35, 36.

- " Les femmes africaines ont toujours été un atout économique pour leurs maris comme pour leurs pères, ce seul facteur a rendu leur soumission et leur domination d’autant plus difficile. ( ... ) Dans les sociétés agraires, la prospérité de la famille était largement tributaire de son travail dans les champs (...) Dans les sociétés africaines traditionnelle il n’était pas rare de voir des femmes atteindre une grande indépendance de par leurs propres activités économiques. »

- Jigéenu Afrig da ñoo masa nekk galaaju seeni baay ak seeni jëkër ci wàllu koom,
- Anam googu rekk doyoon na sànk bépp pexe ngir noot leen, bundaxataal leen.
- Ci mboolo yi sosoo ci mbay, ligéeyu jigéen ñi ci tool yi bokkoon na bu baax ci li indi naat ci kër yi. (liggéeyu ndey añu doom)
- Ci cosaan, bariwoon na, jigéen jott ci doole ak kàtten bu mag ngir seen liggéeyi bopp.

# LE FONDEMENT ÉCONOMIQUE DE LA PARITÉ
## DOXE ÑAARI TÀNKK, CÉESLAAYAM CI KOOM
Ifi AMADIUME, *op. cit.*, p.102

- En Afrique : « Les marchés et la commercialisation ne sont pas régis par des valeurs pures de profit, mais par les besoins fondamentaux d'échange, de redistribution et de socialisation. Voilà pourquoi les systèmes traditionnels africains ne sont pas des économies capitalistes. Ils ont diversement été décrits comme des économies de subsistance, de communalité et de redistribution. »

- Ci Afrig : « Jaba yi/marse yi ak li di jëndd ak jaay ;
- seeni pas-pas téguwuñu ci yokk sa am-am kese,
- da ñu tegu ci pas-pas yu wér, sédôo, jokalante, xamante.
- Loolo tax cosaanu doxalinu koom ci Afrig woro ak koom-koomu « kapitalist ».
- Koom-koomu Afrig woowe na ñu ko koomu laax lekk, koomu bokk/sédôo walla, koomu jokalante.

# LE SYSTÈME PARLEMENTAIRE PARITAIRE AFRICAIN
## La place des femmes dans l'économie justifie leur place dans la gouvernance

# DOXALINU PÉENCÔO CI COSAANU AFRIG
## Cër bi jigéen ñi am ci koom-koom mo waral seen cër ci doxalinu réew

LE SYSTÈME PARLEMENTAIRE PARITAIRE AFRICAIN

DOXALINU PÉENCÔO CI COSAANU AFRIG

OKONJO, Kamene, 1976, « *The dual-sex political system in operation. Igbo women and community politics in Midwestern Nigeria*", citée par Ifi AMADIUME, *op. cit.*, p.110

- "En essayant de distinguer les systèmes politiques africains traditionnels des systèmes occidentaux, Kamene Okonjo avait utilisé le concept d'un système de « parité des sexes » pour caractériser le système africain, en utilisant l'exemple Igbo. Elle a décrit le système européen comme celui d' «un seul sexe» .

- Ba muy jéema xajatle doxalinu réewu Afrig yi ci cosaan ak doxalinu réewu tubaab yi,
- Kamene OKONJO da fa sëstandiku ci askanu Igbo ya ca Nigeria ngir firndéel ne Afrig « Doxe ñaari tànkk maanaam Ndey joor ak càmin » la ñuy jëfé.
- Fekk tubaab yi ñoom benn tànk rekk, mudi càmmiñ, maanaam gôor kese, la ñuy deme.

LE SYSTÈME PARLEMENTAIRE PARITAIRE AFRICAIN

DOXALINU PÉENCÔO CI COSAANU AFRIG

OKONJO, Kamene, 1976, « *The dual-sex political system in operation. Igbo women and community politics in Midwestern Nigeria*", citée par Ifi AMADIUME, *op. cit.*, p.110

- Selon Okonjo, dans les systèmes de «parité des sexes », « chaque sexe gère ses propres affaires, et les intérêts des femmes sont représentées à tous les niveaux ». En revanche, dans le système européen d'«un seul sexe», «les rôles revêtant un statut politique sont principalement attribués aux hommes ... les femmes ne peuvent obtenir de distinction et la reconnaissance qu'en prenant les rôles des hommes dans la vie publique et en les jouant bien."

- OKONJO da fa jàppne,
- fi ñuy doxale, doxe ñaari tànkk – ndey joor ak càmmin,
- Kuné yaay lijanti sey mbir,
- Té jigéen ñi da ñuy am ku leen di toogal fepp fu ñuy nasee ka nocci, ba fi mu gënë kawe.
- Waaye ci dëku tubaab yi nga xamne, doxe benn tànkk la ñu xam,
- ndombol tànkk go gis gôor a ko yello ... jigéen ju ci jott da fa fekk mu mbuboo doxalinu gôor, ba faf ca roy dàq.

# LE SYSTÈME PARLEMENTAIRE PARITAIRE AFRICAIN
# DOXALINU PÉENCÔO CI COSAANU AFRIG
# Ifi AMADIUME, *op. cit.*, p.111

- " La plupart des sociétés africaines avaient donc des organisations de femmes qui contrôlaient ou organisaient les travaux agricoles, le commerce, les marchés, ainsi que la culture féminine et l'idéologie y afférant."

- Li ëpp ci dëkk yi, ci Afrig, da ñu amoon ay mbootaayu jigéen yu doon saytu aki lijënti :
- ligéeyu tool,
- Koom,
- Djaba,
- Baaxi/aada jigéen ak xalatin yi ci sësu.

# LE SYSTÈME PARLEMENTAIRE PARITAIRE AFRICAIN

## DOXALINU PÉENCÔO CI COSAANU AFRIG

Babacar Sédikh DIOUF, “Dualité de genre et tradition”, *Combats pour la parité, Actes du Séminaire d’élaboration d’un modèle de loi sur la parité*, publication du Conseil Sénégalais des Femmes (COSEF) et de L’Agence Espagnole pour la Coopération Internationale au Développement (AECID), Dakar 2011, p. 22

- Dans les royaumes seereer : « une société organisée en phalanges (*ngulook* pour les femmes, *ndut* pour les hommes) »

- Ci réewu seereer yi :
- « Doxalinu mboolo mi, da fa sësu ci ay kuréel
- (bu jigéen yi mooy ngulook,
- ndut di bu gôor ñi) ».

LE SYSTÈME PARLEMENTAIRE PARITAIRE AFRICAIN

DOXALINU PÉENCÔO CI COSAANU AFRIG

*Lingeer* NDATTÉ YÀLLA

Waalo, 2 septembre 1850, *Esquisses sénégalaises*, Abbé David Boilat, édition Karthala, Paris 1984, p. 293

- Ce ne fut qu'à six heures du soir que la reine fut visible ; nous traversâmes la case du prince, accompagnés d'une trentaine de soldats armés et de tous les princes ; nous entrâmes dans une vaste cour où **sa Majesté était assise, fumant sa pipe d'honneur, entourée de plus de cinq cents femmes en grande tenue et en silence**, assises aussi sur des nattes. **Les guerriers et les princes s'assirent du côté opposé**.

- Jurôom benni waxtu ci ngoon la ñuy dooga mana gis lingeer ;
- Da ñu jàll ci néegu doomi buur, àndd ak lu tolloo fanweeri ceddo aki seeni gànnaay ;
- Fëll ci ëtt gu yaato-yaatu,
- Fekk fa lingeer mu toog, di tux gënnu ñii cëru,
- Lu ëpp jurôomi téméeri jigéen wër ko,
- Ñoom ñépp sànse, Ñoom ñépp ne tekk, ku ne ci basang bi nga toog.
- Ceddo yi ak doomi buur yi toog, jàkkarlo ak ñoom.

# LE SYSTÈME PARLEMENTAIRE PARITAIRE AFRICAIN
# DOXALINU PÉENCÔO CI COSAANU AFRIG
# FKC

- Dans la gouvernance militaire également la parité des sexes est de mise.
- cf. Les femmes de Ndeer : Si elles n'avaient pas eu d'entraînement au maniement des armes (sabres, fusils) et une assemblée des femmes, elles n'auraient pas pu organiser leur défense en l'absence des hommes.

- Ci mbirum aar réew ba ci xare su ko laajee, foofu itam ñaari tànkk la Afrig doon doxe.
- Seetleen jàlloorey jigéenu Ndeer yi :
- Su ñu leen tàggatuloon ci jafandiko ganaay, muy jaasi, muy mëx-dôom ;
- su ñu amuloon seen mbootaay, seen péencu bopp,
- dawu ñu won mën, ci tàng-tàng bi, woote ndaje, diisôo, jubôo ci li tax ñu leen di woy ba tey ji ni.

# LE SYSTÈME PARLEMENTAIRE PARITAIRE AFRICAIN
# DOXALINU PÉENCÔO CI COSAANU AFRIG
## *Emitaï* SEMBENE Ousmane

- en 1943, le gouvernement français donne l'ordre de réquisitionner le riz produit en Casamance.
- Les femmes refusent collectivement l'ordre de réquisition.
- Les hommes acceptent sans discuter la décision prise par les femmes, en dépit des tortures qui leur sont infligées, ainsi qu'aux femmes.
- C'est à cette époque que va s'illustrer Aline Sitoye DIATTA, leader du mouvement de résistance pacifique aux injonctions de l'Occupant
- Elle va être déportée en 1943 et mourir de mauvais traitements en déportation quelques mois plus tard. (Paix à son âme).

- Ci atum benn juni àt ak jurôom-ñeenti téeméer ak ñeent fukk ak ñett, nguuru Frans dafa jël ndogal ngir ñu nàngu céeb bi ñu bey Kasamans gépp.
- Jigéeni ànd lànkk joxe seen ceeb.
- Gôor ñi nàngu dogalu jigéenñi, teggun ci wax, donte metit yu bon yi leen tubaab ya teg, rañeewu ñu ci gôor mbaa jigéen.
- Ca jooju jamono la Alin Sitoye Jaata rañeekoo, jitée mbooloo bu mu digël beñ dogalu tubaab bi.
- Ba tax ñu jàpp ko, yobu ka Mali téj ko fa kaso Mali, di ko fa metital ba mu deelu cu suñu boroom. Yàlla na Maam Yàlla yokk leeraam.

# LE SYSTÈME PARLEMENTAIRE PARITAIRE AFRICAIN
## DOXALINU PÉENCÔO CI COSAANU AFRIG
FKC

- Concernant les « amazones » du Dahomey, contrairement aux amazones de la littérature grecque ancienne, les amazones africaines sont des soldates qui ne se battent pas contre les hommes mais, à leurs côtés.
- Loin d'être marginalisées, elles ont même atteint plus du double du nombre de leurs camarades masculins.
- Ifi AMADIUME, op. cit., p.97 : «  En 1850 , l'armée du roi du Dahomey est composée d'environ deux mille hommes et cinq mille femmes. »

- Ci réewum Dawomé, soldaar yu jigéen yi, ñu leen di woowe « amazon », bokku ñu ak ñi ñu doon woowe noonu ci cosaanu tubaab.
- Ndax amazon yu tubaab yi gôor ñi la ñu daa xeex ;
- waaye amazon yu Afrig yi ñoom, ak gôor ñi la ñu doon and xare.
- Kenn beddiwuleen woon,
- rawatina seen lim mujj gi da fa faf ëpp ñaari yoon limu gôor ñi ci « larme » bi.
- Ifi AMADIUME« Ci atum benn juni ak jurôom-ñetti téeméer ak jurôom fukk, limu « larme » buuru Dawomé bi, ñaari juni gôor la ak jurôomi juni jigéen. »

# LE SYSTÈME PARLEMENTAIRE PARITAIRE AFRICAIN
## DOXALINU PÉENCÔO CI COSAANU AFRIG
Ch. Anta DIOP *Les fondements économiques* …, op. cit., p. 54.

- « La résistance militaire de Béhanzin à l'armée française, commandée par le colonel Dodds, serait la conséquence d'une décision de l'assemblée des femmes du royaume qui s'est réunie la nuit, après celle des hommes réunie le jour, et qui, à l'inverse de cette dernière, avait choisi l'ordre de mobilisation et la guerre. La décision fut ratifiée par les hommes. »

- « Jàppana ñu ne, xeex bi Buuru Dawome Bexanzin xeex larme tubaab yi, kolonel Dodds jiitéwoon,
- Xeex jooju, ci dogalu mbootaayu/kuréelu jigéen yi la jogé.
- Mbootaay googu guddi la daje, ba kuréelu gôor ñi daje ci bëccëg gi ba nopi.
- Waaye kuréelu jigéen ñi, dogal bu dëppoowul ak bu kuréelu gôor ñi la ñu jël, mu di dajale soldaaru réew mi yépp (gôor ak jigéen) woote xare.
- Dogal googu, jogé ci kuréelu jigéen ñi, la gôor ñi nàngu. »

# LE SYSTÈME PARLEMENTAIRE PARITAIRE AFRICAIN
# DOXALINU PÉENCÔO CI COSAANU AFRIG
## Ch. Anta DIOP *Les fondements économiques* ..., op. cit., p. 54

- « Il existait donc, en Afrique Noire, un bicaméralisme spécifique reposant sur la dualité des sexes. Loin d'entraver la vie nationale et d'opposer les hommes et les femmes, il garantissait l'épanouissement de tous. C'est à l'honneur de nos ancêtres d'avoir su créer un tel type de démocratie. »

- « Amoon na kon, biir Afrig, péencôo bu wér bu sësuwoon ci rañatle gôor ak jigéen.
- Jiib doxalin, gàllankooruloon benn yoon askan yi,
- indiwuloon féwëlo digganté gôor ak jigéen, déedéet.
- Googu doxalin moo doon céeslaayu jàmm ak naatangé askan yi.
- War na ñu delloo njukël su ñuy maam ngir xeetu péencôo bi ñu sos.